

# Dwa Ou Pou Ou Gen Repezantan



Ou kapab fè yon repezantan, tankou yon avoka, ede ou lè ou ap fè biznis ak Sekirite Sosyal. Nou va travay ak repezantan ou an menm jan nou ta va travay avèk ou.

Pou pwoteksyon ou, repezantan ou an pa kapab fè ou peye oswa pran kòb nan men ou san li pa jwenn otorizasyon ekri nan men nou anvan. Mentou, repezantan an k ap asepte lajan nan men ou a lavans toutotan lajan an kenbe nan yon kont konfyè.

Touledede oumenm ansanm ak repezantan ou an reskonsab pou banou bon jan enfòmasyon. Li ilegal pou ou fè espere bay fo enfòmasyon volontèman. Si ou fè sa, ou k ap pouswiv kòm moun ki komèt yon krim.

## Sa yon repezantan kapab fè

Yon fwa ou nonmen yon repezantan, li kapab ajè anfavè ou nan pi fò pwoblem Sekirite Sosyal tankou:

- Pran enfòmasyon nan dosye Sekirite Sosyal ou;
- Ede ou jwenn dosye medikal ou oswa enfòmasyon pou soutni reklamasyon ou a;
- Akonpaye ou, oswa vini nan plas ou nan nenpòt antrevi, konferans oswa odyans ou genyen avèk nou;
- Fè yon demand pou rekonsiderasyon, odyans oswa revizyon Konsèy Apèl la; epi
- Ede oumenm ak temwen ou yo prepare pou yon odyans epi kesyone nenpòt temwen.

Epitou repezantan ou an va resevwa yon kopi desizyon (yo) ke nou pran konsènan reklamasyon ou an (yo).

## Chwazi yon repezantan

Ou kapab chwazi yon avoka oswa yon lòt moun ki kalifye pou repezante ou . Epitou ou kapab gen plis ke yon repezantan. Mentou ou pa kapab chwazi kòm repezantan yon moun yo te sispann oswa ki te diskalifye pou repezante lòt moun devan Administrasyon Sekirite Sosyal oswa yon moun ki dapre la lwa pa kapab sèvi antan repezantan.

Gen kèk òganizasyon ki kapab ede ou jwenn yon avoka oswa ba ou konsèy legal gratis si ou kalifye. Gen kèk avoka ki pa fè ou peye sof si ou resevwa benefis. Biwo Sekirite Sosyal ou gen yon lis òganizasyon ki kapab ede ou jwenn yon repezantan.

Ou kapab nonmen yon moun oswa yon gwoup moun nan yon konpayi avoka, kòporasyon oswa lòt òganizasyon kòm repezantan ou, men ou **pa kab** nonmen konpayi avoka a, kòporasyon an oswa òganizasyon an limenm.

Apre ou fin chwazi yon repezantan, ou dwe **ekri** nou pou mete nou o kouran osito posib. Pou fè sa, pran Fòm SSA-1696-U4, *Appointment For Representative — Nominasyon Repezantan*, sou sit entènèt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

Ou dwe bay non moun ou nonmen an epi siyen non ou. Si moun nan **pa** yon avoka, li dwe bay non li , a lekri, deklare ke li asepte nominasyon an; epi siyen fòm nan.

## Sa repezantan ou an ka fè ou peye

Pou repezantan ou an fè ou peye yon kòb pou sèvis yo, dabò li dwe remèt nou yon akò oswa yon petisyon ki montre konbyen kòb li ap mande.

Repezantan ou an **pa kab** fè ou peye plis lajan pase sa nou apwouve a. Si oumenm oswa repezantan ou an pa dakò avèk kantite nou apwouve a, nenpòt nan nou kapab mande pou nou tcheke sa ankò.

Yon repezantan ki fè peye oswa ki kolekte kòb san nou pa apwouve, kapab sispann oswa diskalifye pou li pa repezante ankenn moun devan Administrasyon Sekirite Sosyal epitou nou kapab pouswiv li devan lajistis.

## Dosye akò ki montre konbyen pou ou peye

Si oumenm oswa repezantan ou an gen yon antant lajan ki ekri sou papye, repezantan ou a k ab mande nou pou nou apwouve li nenpòt lè anvan nou pran yon desizyon sou reklamasyon ou an. Abityèlman, nou va apwouve akò a epi nou va ekri ou pou nou fè ou konnen konbyen repezantan ou an kapab mande ou:

- Nou touledede siyen akò a;
- Reklamasyon ou a te apwouve epi li te vin abouti sou benefis yo te deja dwe ou; epi
- Lajan ou antann nan pa ka depase 25 pousan benefis yo te deja dwe ou yo oswa \$5,300, kèlkelanswa sa ki pi piti a.

Si nou pa apwouve akò lajan an, nou va ekri ou ansanm ak reprezantan ou a pou nou fè nou konnen reprezantan ou a dwe ekri yon petisyon ki montre kantite lajan pou ou peye.

## Dosye Depans yon demann

Reprezantan ou a dwe banou yon petisyon (demann) ki montre kantite lajan pou ou peye lè li fin travay sou reklamasyon ou a (yo). Demand sa a ki dwe fèt a lekri ta dwe dekri an detay kantite tan reprezantan ou a pase pou chak sèvis li ba ou . Reprezantan ou a dwe ba ou yon kopi petisyon (demann) ki montre kantite lajan pou ou peye a ak tout sa ki akonpaye li. Si ou pa dakò avèk kantite lajan li mande a oswa enfòmasyon ki parèt la, kontakte nou nan 20 jou. Nou va konsidere valè rezonab sèvis reprezantan an, epi nou va ekri ou, pou nou fè ou konnen kantite lajan nou apwouve.

## Konbyen ou peye

Kantite lajan nou deside reprezantan an k ap fè ou peye se sa ou k ap dwe pou sèvis li ba ou menm si ou te dakò pou ou te peye li plis. Mentou, reprezantan ou a kapab fè ou peye depans li fè limenm, tankou pou rapò medikal, san konsantman ou.

Si se yon avoka oubyen yon moun ki pa avoka ke Sekirite Sosyal jwen kalifye pou peye ki reprezante ou , abityèlman nou kenbe 25 pousan (jamè plis) sou benefis yo te deja dwe pou peye ou sou lajan an. Nou peye avoka a nan lajan sa a epi nou voye rès lajan an ba ou.

Pafwa ou dwe peye reprezantan an dirèkteman:

- Ou dwe peye rès sa ou dwe a si kantite lajan ki apwouve a depase lajan nou te kenbe pou nou te peye avoka ou a.
- Ou dwe peye tout kantite lajan an si:
  - Reprezantan ou a pa kalifye pou nou paye li dirèk;
  - Nou pa te kenbe 25 pousan nan benefis Sekirite Sosyal yo te deja dwe ou a oswa Revni Sekirite Siplemanntè (SSI)
  - Reprezantan ou a te fè demand yon lajan nou voye ba ou eke nou te dwe kenbe .

Ou dwe peye pou depans reprezantan ou an fè oubyen depans li k ap fè ak lajan nan pòch li (pa ekzanp, lajan pou jwenn dosye doktè ou oswa dosye lopital ou).

## Si yon lòt moun peye reprezantan ou an

Menm lè yon lòt moun peye lajan an pou ou (pa ekzanp yon konpayi asirans), nou dwe apwouve lajan an sof si:

- Se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi oswa yon òganizasyon federal, leta, konte, oswa vil la ki va peye nenpòt kòb ak nenpòt depans nan fon gouvènman; epi
- Reprezantan ou a ba nou yon deklarasyon ki ekri ke ou pap gen pou peye ankenn frè oswa ankenn depans.

## Si ou fè apèl devan tribinal federal pou reklamasyon ou a

Tribinal la kapab pèmèt yon frè rezonab pou avoka ou a. Frè a abityèlman pa pral depase 25 pousan tout benefis yo te deja dwe yo dapre desizyon tribinal la. Avoka ou a pa kapab fè ou peye ankenn lòt frè pou sèvis devan tribinal la.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.